**РЕЗЮМЕ.** Изучается происхождение и исторические источники произведения "Ошик Гариб" каракалпакского народного эпоса. Эволюция дастана "Ошик Гариб" изучается путем сопоставления среднеазиатских и балканских народных вариантов.

**SUMMARY.** The origin and historical sources of the work "Oshiq Garib" of the Karakalpak folk epic are studied. The evolution of the dastan "Oshiq Garib" is studied by comparing the folk variants of Central Asia and the Balkans.

***JURNALISTIKA***

# ОНЛАЙН МЕДИАЛАРДА БИЛИМЛЕНДИРИЎГЕ БАЙЛАНЫСЛЫ ЖӘРИЯЛАНҒАН МАТЕРИАЛЛАРДЫҢ ПРОБЛЕМАТИКАСЫ

**Даулетмуратов Тахир Пиратдинович** – *оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдений институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** журналистика, проблематика, машқала, мәлимлеме, веб-сайтлар, социаллық тармақлар, ғалаба коммуникация қураллары, интернет, видео көринис, аудио жазыў, фото көринис, байланыс қуралы.

**Ключевые слова:** журналистика, проблематика, проблема, информация, веб-сайты, социальные сети, средства массовой информации, интернет, видео, аудиозапись, фото, средство коммуникации.

**Key words:** journalism, problematics, problem, information, websites, social networks, mass media, internet, video, audio recording, photo, means of communication.

Бүгинги глобалласыў ҳәм санластырыў дәўиринде билимлендириў тараўы жәмийеттиң раўажланыўын белгилеп бериўши ең әҳмийетли факторлардан бирине айланбақта.

Билимлендириў системасында жүз берип атырған реформалар, жаңа педагогикалық қатнаслар, инновациялық технологиялардың енгизилиўи ҳәм кадрлардың сапасын арттырыў мәселелери ғалаба хабар қуралларында кеңнен сәўлелендирилмекте. Сол себепли билимлендириў темасында жәрияланып атырған журналистлик материаллар тек ғана мәлимлеме жеткериў емес, жәмийетлик пикирди қәлиплестириўде де үлкен әҳмийетке ийе болмақта. Соның менен бирге, билимлендириў темасындағы материалларда бир қатар машқалалар – яғный проблематикалық мәселелер де бар. Оларда аналитикалық жанрдың жетиспеўшилиги, машқалалардың жүзеки сәўлелендирилиўи, дереклер менен ислесиўде бир тәреплемелик, статистикалық мағлыўматлардан надурыс пайдаланыў ямаса қәниге пикирине аз мүрәжат етиў сыяқлы жағдайлар бақланады. Айырым жағдайларда болса сенсация артынан қуўыў билимлендириў тараўының мәнисин дурыс ашып бериўге тосқынлық етеди. Усы көзқарастан, билимлендириў темасындағы материаллар проблематикасын анализлеў, бар кемшиликлер менен жетискенликлерди анықлаў, сондай-ақ, журналистлик қатнасларды жетилистириў мәселеси әҳмийетли есапланады. Бул теманы үйрениў билимлендириў тараўын сәўлелендириўде қалыслық, терең анализ ҳәм жуўапкершиликти арттырыўға хызмет етеди. Бүгинги онлайн медиада, атап айтқанда, билимлендириў темасындағы материалларды таярлаў процесинде бир қатар машқалалы мәселелер ушырасады. Дәслеп, мәлимлеме тарқатыўда оперативликке артықша итибар берилиўи нәтийжесинде материаллардың тексериўсиз жәрияланыў жағдайлары бақланады. Бул болса мағлыўматлардың исенимлилигине унамсыз тәсир көрсетип, жәмийетшиликте надурыс түсиниклер қәлиплесиўине алып келеди. Сондай-ақ, онлайн медиаларда аналитикалық қатнастың жетиспеўшилиги әҳмийетли машқалалардан бири болып есапланады.

Айырым материаллар тек ғана хабар бериў менен шекленип, билимлендириў тараўындағы машқалалардың себеп ҳәм

ақыбетлери терең талланбайды. Нәтийжеде материал проблематикасы толық ашылмай қалады. Және бир әҳмийетли мәселе – дереклер менен ислесиў мәдениятының төменлиги. Онлайн басылымларда рәсмий дереклер, қәнигелер ямаса әмелиятшылардың пикирине жетерли дәрежеде мүрәжат етпестен, социаллық тармақлардағы тастыйықланбаған мағлыўматларға сүйениў жағдайлары ушырасады. Бул болса билимлендириў журналистикасының профессионал стандартларына қайшы есапланады. Буннан тысқары, сенсацияға умтылыўшылық ҳәм атамаларда бөрттирип көрсетиў (кликбейт – инг. «Clickbait» интернет-медиада пайдаланыўшылардың итибарын тартыў ҳәм оларды белгили бир мақала, видео ямаса силтемени басыўға мәжбүрлеў ушын қолланылатуғын тактика) жағдайлары билимлендириў темасының мазмун жағынан жүзеки көрсетилиўине себеп болады. Бул бойынша изертлеўши Н.Муротова: «Ғалабалық аудитория мыш-мышларды жақтырады ҳәм оларға көбирек қызығады. Бул талап блогерлердиң материалларына талапты арттырады», деп атап өтеди. Әлбетте, бундай жантасыў билимлендириў тараўындағы реал машқалаларды аңлаўдан гөре, оқыўшы дыққатын қаратыўға қаратылады.

Солай екен, Қарақалпақстанда искерлик көрсетип атырған онлайн медиаларында жәрияланған билимлендириўге байланыслы материалды үйренгенимизде соны анықладық, жарытылып атырған мәселелер белгили бир проблемалар әтирапында жәмленген. Мәселен, Қарақалпақстан хабар агентлигиниң шолыўшысы Д.Абибуллаев nmpi.uz социаллық тармағында «Жоқары билимлендириўде машқалалар додаланды» атамасында жәрияланған материалында: Усылар менен бир қатарда үйрениў барысында бир қатар кемшиликлердиң орын алып атырғанлығы атап өтилди. Атап айтқанда, жетекши оқыў орынларымыздың Өзбекстан жоқары оқыў орынлары арасында рейтинг көрсеткиши төменлеп кеткен. Профессор-оқытыўшылардың мәлимлеме-коммуникация технологиялар, шет тиллерин өзлестириў дәрежеси талапқа жуўап бермейди. Студентлерди сабақлықлар, оқыў қолланбалары, жатақхана менен тәмийинлеўде, питкериўшилерди қәнигелиги бойынша жумысқа орналастырыўда, әмелиятларды өтеўде машқалалар бар екенлиги сынға алынды, деп жазады.

Жоқарыдағы материалда жоқары билимлендириў тараўында бар кемшиликлер тилге алынған. Автор тәрепинен жоқары оқыў орынлары рейтингиниң төменлеўи, профессор-оқытыўшылардың мәлимлеме-коммуникация технологиялары ҳәм шет тиллерин өзлестириў дәрежесиниң жетерли емеслиги, сондай-ақ, студентлерди сабақлық, жатақхана менен тәмийинлеў, питкериўшилерди жумысқа жайластырыў ҳәм әмелиятлар өтеўдеги проблематикалар атап өтилген. Бирақ материалда машқалалар тийкарынан санап өтиў менен шекленип, олардың келип шығыў себеплери, ақыбетлери ҳәм шешимлери терең анализленбеген. Сонлықтан, темаға байланыслы тийкарғы мәселелер сәўлелендирилген болса да, онда аналитика жетерли дәрежеде берилмеген, материал көбирек информациялық характерде жазылған.

Сондай-ақ, «Қарақалпақстанда билим сапасы үйренилди: жуўмақ ҳәм нәтийже» атамасында жәрияланған материалда: Ушырасыў барысында билимлендириўдиң ҳәр бир басқышында ушырасып атырған кемшиликлер ҳаққында сөз болып, мектеп питкериўшилериниң жоқары оқыў орынларына кириў көрсеткишиниң төменлиги, үйрениўлер барысында айырым мектеп муғаллимлериниң сабақ өтиўдеги педагогикалық билиминиң сайызлығы, оқыўшылардың сабаққа қатнасының төменлиги, жоқарғы оқыў орынларын питкерген айырым жаслардың елеге шекем жумыссызлығы, қәниге таярлап беретуғын жоқары оқыў орынлары менен өндирис орынлары арасында байланыс жоқлығы, жоқары оқыў орынларының өзлерине бириктирилген мектеплер менен бирге ислесиўдеги бослықлар, айрым жоқары оқыў орынларының рейтинг көрсеткишиниң жылдан-жылға түсип баратырғанлығы сыяқлы бир қатар кемшиликлер анық мысалллар менен атап көрсетилди. - деп тараўдағы бир қатар машқалалар атап өтиледи. Бул жәрияланған материалда да

билимлендириў тараўының барлық басқышларында бар машқалаларға тийкарғы итибар қаратылған.

Онда мектеп питкериўшилериниң жоқары билимлендириўге кириў көрсеткишиниң төменлиги, айырым оқытыўшылардың педагогикалық билими жетерли емеслиги, оқыўшылардың сабаққа қатнасыў дәрежесиниң төменлиги, жоқары билимлендириў мәкемелери питкериўшилери арасында жумыссызлық машқаласы, билимлендириў ҳәм өндирис арасындағы бирге ислесиўдиң төменлиги, сондай-ақ, жоқары оқыў орынларының рейтинг көрсеткишиниң төменлеп барыўы сыяқлы кемшиликлер атап өтилгенлиги менен, материалда тастыйықлаўшы мысаллар келтирилмеген. Соның менен бирге, машқалаларды сапластырыў механизмлери ҳәм әмелий шешимлерине итибар қаратылмаған болып, ҳәттеки, материалдың аналитикалық потенциалын шеклеп қойған. Усы жерде изертлеўши А.А.Морозованың аналитикалық жанрлар ҳаққында айтқан қатарлары пикиримизди тастыйықлайды: «Аналитикалық жанрлар, қурамалы болып, ҳәттеки текстлерди жазыў ушын ҳәмде оларды қабыл етиў ушын да бираз қыйыншылықты туўдырады. Олар автордың журналистикалық таярлығын ҳәм оқыўшының айрықша дыққатын талап етеди. Сол себепли социаллық тармақларда жүдә сийрек ушырасады». Шынында да, онлайн медиалардағы көпшилик материалларда аналитикалық жанрлардың элементлери толық көринбейди**,** ямаса олар фактлерди тез жеткизиўге қаратылған қысқа хабарлар, постлар, комментарийлер менен алмастырылып кетеди. Және де Қарақалпақстан хабар агентлигиниң сайтында «Тараўдағы кемшиликлер сынға алынып, ўазыйпалар белгиленди» атамасында жәрияланған материалда: Онда мектепке шекемги билимлендириў мәкемелериниң жумыслары, балаларды бақшаларға қамтып алыў, олардағы санитариялық талаплар, оқыўшыларды кәсипке бағдарлаў, билим дәрежесин арттырыў сыяқлы әҳмийетли мәселелер талқыланып, орынлардағы айырым басшылардың өз жумысына немқурайдылық пенен қарап атырғанлығы сынға алынды, деп көрсетилген. Бул материалда машқалалар жүзеки атап өтилген десек асыра айтқан болмаймыз. Себеби, материалда орынлардағы қайсы айырым басшылардың жумысқа немқурайдылығы сынға алынғанлығы ашып берилмеген. Сондай-ақ, кемшиликди сапластырыўға қаратылған анық механизмлер ҳәм нәтийжелер кеңнен сәўлелендирилмегенлиги себеп материал көбирек сын көзқарастағы-мәлимлеме характеринде қалған. Билимлендириў тараўы қурамалы социаллық система болып, ол реформалар, методикалық жаңаланыўлар, кадрлар мәселеси ҳәм материаллық-техникалық база менен тығыз байланыслы. Бирақ онлайн медиалардағы көплеген материалларда қәниге пикири, статистикалық мағлыўматлар ямаса илимий тийкарланған дәлиллер жетерли дәрежеде қолланылмайды. Нәтийжеде материал информациялық емес, ал субъектив пикир яки жеке мүнәсибетлер жыйындысына айланып қалады. Соның менен жийе ушырасатуғын машқала – исенимли дәреклерге сүйенбеў ҳәм фактлерди тексериў мәдениятының төменлиги болып есапланады. Айырым жағдайларда билимлендириўге байланыслы хабарлар анық дерексиз ямаса тастыйықланбаған мағлыўматларға тийкарланып жәрияланады. Бул болса надурыс мәлимлемениң тарқалыўына, жәмийетлик пикирдиң алжасыўына себеп болады. Әсиресе, реформалар ямаса жаңа қарарлар ҳаққындағы надурыс мағлыўматлар оқытыўшылар, оқыўшылар ҳәм ата-аналар арасында түрли түсинбеўшиликлерди келтирип шығарады. Сондай-ақ, онлайн медиаларда билимлендириў темасын жарытыўда тең салмақлық машқаласы да бар. Яғный, көбинесе унамсыз жағдайлар, кемшиликлер ҳәм машқалалар көбирек сәўлелендирилип, унамлы тәжирийбелер ямаса реформалар кемирек итибарға алынады. Бул болса билимлендириў системасы тек ғана машқалалардан ибарат деген көзқарасты күшейтеди.

Әсиресе, бүгинги күнде жоқары оқыў орынлары ҳәм кәсиплик билимлендириў (техникум) мәкемелеринде тийкарғы проблематика сыпатында, дәслеп билимлендириўдиң сапасын тәмийинлеў ҳәм оны заманагөй талаплар дәрежесине көтериў мәселеси есапланады. Жәмийет

ҳәм мийнет базары жедел пәтлерде өзгерип атырған шараятта билимлендириў орынлары таярлап атырған қәнигелердиң билим, көнликпе ҳәм компетенциялары әмелиятқа сәйкес болыўы айрықша әҳмийетке ийе. Сонлықтан, теориялық билимлер менен шекленип қалмастан, әмелий таярлыққа, инновациялық ҳәм сын көзқарастан пикирлеўди раўажландырыўға жетерли итибар қаратыў әҳмийетли мәселеге айланбақта. Сондай-ақ, профессор-оқытыўшылардың потенциалын арттырыў, оқыў бағдарламаларын жаңалаў ҳәм заманагөй педагогикалық және санлы технологияларды билимлендириў процесине енгизиў де жоқары ҳәм орта билимлендириў системасы алдында турған әҳмийетли ўазыйпалардан есапланады. Айырым жағдайларда материаллық-техникалық базаның жетерли емеслиги, билимлендириў процесиниң әмелият пенен үзликсиз байланыспағаны билимлендириўдиң сапасының төменлеўине алып келиўи мүмкин.

Буннан тысқары, жоқары оқыў орынларының миллий ҳәм халықаралық рейтинглердеги орны да тийкарғы машқалалы мәселелерден бири сыпатында қаралмақта. Рейтинг көрсеткишлери билимлендириўдиң сапасы, илимий изертлеўлердиң нәтийжелилиги, халықаралық бирге ислесиў ҳәм питкериўшилердиң жумыс пенен тәмийинлениўи сыяқлы факторлар тийкарында қәлиплеседи. Сол себепли, Жоқары оқыў орынлары ҳәм Кәсиплик билимлендириў (техникум) мәкемелериниң алдында билимлендириў, илим ҳәм өндирис интеграциясын күшейтиў, илимий белсендиликти арттырыў ҳәм академиялық орталықты жетилистириў ўазыйпасы тур. Мине, усы жоқарыда атап өтилген машқалалар онлайн медиаларда өз сәўлелениўин таппақта.

Жуўмақлап айтқанда, изертлеў нәтийжелери соны көрсетеди, билимлендириў темасындағы журналистлик материаллар жәмийеттеги билимлендириў сиясаты, реформалардың нәтийжелилиги ҳәм бар системалы машқалаларды ашып бериўде әҳмийетли информациялық ҳәм аналитикалық ўазыйпаны атқарады. Бул материалларда сабақлықлардың жетиспеўшилиги, билимлендириўдиң сапасы, материаллық-техникалық тәмийнаты ҳәм басқарыў механизмлерине байланыслы мәселелер тийкарғы машқалалы бағдар сыпатында қәлиплеспекте. Бирақ, айырым жағдайларда машқалалардың жүзеки сәўлелендирилиўи, анализ усылының жетиспеўшилиги ҳәм дәреклер менен ислесиўде бир тәреплемеликтиң бақланыўы журналистлик сапаға унамсыз тәсир көрсетеди.

Соның менен бирге, санлы медиа ҳәм социаллық тармақлар арқалы тарқатылып атырған билимлендириўге байланыслы материаллар аудитория талаплары тәсиринде қәлиплесип, оперативлик ҳәм сенсациялыққа бейимликти күшейтпекте. Бул болса журналистлер ҳәм блогерлерден фактлерди тексериў, қалыслықты сақлаў ҳәм кәсиплик жуўапкершиликти арттырыўды талап етеди.

Улыўма алғанда, билимлендириў темасындағы материаллардың проблематикалық анализи журналистикада аналитикалық қатнасты күшейтиў, қәниге пикирине сүйениў ҳәм жәмийетлик мәпти үстин қойыў зәрүрлигин илимий жақтан тийкарлап береди.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Mirziyoyev Sh. Matbuot va ommaviy axborot vositalari xodimlariga yo‘llagan tabrigi. 2017-yil 27-iyul.

2. Mo‘minov F.A. Jurnalistika ijtimoiy institut sifatida. – T.: Universitet, 1998.

3. Прохоров Е.П. Журналистика. Государство. Общество. – М., 1996.

4. Xudoyqulov M. Ommaviy axborot vositalari nazariyasi. – T.: Universitet. 1999.

5. Qozoqboyev T.M., Xudoyqulov M. Jurnalistika. Oliy o‘quv yurtlari uchun darslik. – T., 2009.

6. Муротова Н. ва б., Онлайн журналистика ва медида янги трендлар. VII жилд. Тошкент, 2019. – 338-б.

7. Морозова А.А. Специфика традиционных жанров журналистики в текстах социальных сетей (на примере «ВКонтакте») // Вестник Челябинского государственного университета, 2015. - № 5. Филология. Искусствоведение. Вып. 94. С. 245).
8. Muminov F.A., Bekbawliev D.O hám basqalar. Jurnalistika hám ǵalaba kommunikaciya tiykarlarí. Sabaqlıq. – T.: «Yosh avlod matbaa». 2021. –V. – 196.

**REZYUME.** Maqolada axborot asrida Qoraqalpog‘istondagi Ta’lim sohasiga oid onlayn medialarning rivojlanish bosqichlari, uning jamiyat rivojlanishidagi o‘rni hamda ahamiyati o‘rganilgan. Shuningdek, bugungi kundagi ijtimoiy tarmoqlarning xususiyatlaridan kelib chiqib, ularning tasnifi va turlari ko‘rsatib o‘tilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье научно проанализирована проблема материалов, опубликованных в онлайн-СМИ в области образования. В частности, систематически изучались проблемы, связанные с образованием, опубликованные на веб-сайтах и в социальных сетях, их сущность и предлагаемые решения. В ходе исследования были оценены тематическая направленность медиаматериалов, способ постановки проблем и их роль в формировании общественного мнения.

**SUMMARY.** This article scientifically analyzes the problem of materials published in online media in the field of education. In particular, the problems related to education, published on websites and social networks, their essence and proposed solutions were systematically studied. During the research, the thematic orientation of media materials, the method of posing problems, and their role in shaping public opinion were evaluated.

## ТЕАТР ЖУРНАЛИСТИКАСЫНЫҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎ БАСҚЫШЛАРЫ

**Оразов Абдикадир -** *Кеңес хаткери*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлер:** театр журналистикасы, театр сын көзқарасы, рецензия, ғалаба хабар қураллары, театр көркем өнери, миллий театр, ғәрезсизлик, мәдений сиясат, медиа, жәмийетлик пикир.

**Ключевые слова:** театральная журналистика, театральная критика, рецензия, средства массовой информации, театральное искусство, национальный театр, независимость, культурная политика, медиа, общественное мнение.

**Key words:** theater journalism, theater criticism, review, mass media, theatrical art, national theater, independence period, cultural policy, media, public opinion.

Театр көркем өнери ҳәм журналистика – жәмийеттиң ең әҳмийетли ҳәм тарийхий тамырларға ийе болған кәсиплик тараўлары болып табылады.

Бул еки тараў жәмийетлик раўажланыў, сиясий-мәдений өзгерислер ҳәм технологиялық жаңалықлар тәсиринде үзликсиз жаңарып, заман талабына ылайық бейимлесип келди. Тарийхый тәжирийбе көрсеткендей, жаңа коммуникациялық технологиялардың пайда болыўы театр ямаса журналистиканың жоқ болыўына емес, ал олардың мазмун ҳәм форма жағынан байыўына алып келди. Мәселен, кинематографияның пайда болыўы менен театр өнериниң жоғалып кетиўи ҳаққында пикирлер айтылған болса да, театр өз аудиториясын сақлап қалды ҳәм жаңаша эстетикалық формаларда раўажланды. Сол сыяқлы, интернет технологиялары журналистиканы қысып шығармастан, оның функцияларын кеңейтти ҳәм жаңа медиакеңликти пайда етти. Журналистика театр көркем өнериниң пайда болыўы тарийхында театрдың раўажланыўы ҳәм үгит-нәсиятлаў процесинде тийкарғы қуралға айланған. Әййемги Греция дәўиринде-ақ қала майданларында жаршылар өткерилетуғын тамашалар ҳаққында халыққа хабарландырып барған.